



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ALEXANDRION GROUP PRAL TABLI YON GILDIV NAN KONTE PUTNAM

Pi gran pwodiktè bwason alkolik la nan Woumani pral tabli premye gildiv li nan Etazini epi kreye 102 nouvo djòb

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Alexandrion Group, pi gwo pwodiktè bwason alkolik nan Woumani, pral tabli premye gildiv li nan Etazini nan Mid-Hudson Valley. Alexandrion Group pral investi plis pase 40 milyon dola pou renove nouvo gildiv la nan Konte Putnam, epi konsa kreye 102 nouvo djòb sou yon peryòd senk lane. Lè li fini an 2020, nouvo gildiv la pral pwodui bwason alkolik premye klas ki fèt espesyalman pou mache Etazini an tankou paregzanp wiski, boubon, djin, brandi ak vòdka.

“Ekonomi dinamik Mid-Hudson Valley a atire biznis ak rezidan sòti toupatou nan lemond, epi gras a ajoutman premye gildiv Alexandrion Group pral genyen nan Etazini an, rejyon sa a pral kontinye pwospere”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Investisman konpayi an se prè New York se yon destinasyon premye klas pou moun ki renmen manje ak bwason, epi nou pa ka tann siksè Alexandrion Group pral kontinye genyen an nan Empire State la.”

An Jiyè 2017, Alexandrion Group te anonse lentansyon li investi nan premye gildiv li nan Etazini. Empire State Development (ESD), òganis devlopman ekonomik prensipal New York la, te travay an kolaborasyon sere avèk Alexandrion Group pou mennen pwojè a nan New York, gras a yon òf rive jiska 2.7 milyon dola bay konpayi an nan kredi fiskal baze sou rezilta nan kad Pwogram Travay Excelsior la (Excelsior Jobs Program). Alexandrion Group pral kreye 102 nouvo djòb epi investi plis pase 40 milyon dola nan konstriksyon ak renovasyon nouvo gildiv 120,000 pye kare li a ak sal degistasyon li an ki chita nan 39 Seminary Hill nan Carmel, Konte Putnam, lè li resevwa apwobasyon lokal yo.

Prezidan, PDG ak Komisyonè ESD, Howard Zemsky, te deklare, “Hudson Valley ap devlope rapidman an yon kapital nasyonal pou pwodiksyon bwason ak likè, avèk tout bon engredyan yo pou soutni pwodiktè tout gwosè - sa gen ladan anpil resous natirèl, yon mendèv solid, ak vizitè ki sòti toupatou nan lemond. Nou anchante akeyi Alexandrion Group nan Hudson Valley pou yo tabli premye gildiv yo nan Etazini epi nou pa ka tann devlopman yo pral genyen isit la”.

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta (State Liquor Authority), te deklare, “Sou Gouvènè Cuomo New York travay men nan men avèk endistri a pou retire obstak règlemantè ak lejislatif yo ki te jennen devlopman, epi konsa ankouraje ni gran fabrikan yo ni nouvo antreprenè yo pou yo ouvè epi agrandi. Desizyon Alexandrion Group la pou li tabli premye gildiv li nan Etazini nan rejyon Mid-Hudson nan demontre valè apwòch sa a epi se yon viktwa pou Eta a, avèk yon gwo pwodiktè ki vin ajoute nan kantite gildiv yo k ap ogmante nan New York, epi konsa kreye djòb ak devlopman ekonomik”.

Prezidan Alexandrion Group Nawaf Salameh te deklare, “Sa fè nou plezi anpil pou nou travay ansanm avèk otorite lokal yo nan yon gran pwojè ki pral entwodui Alexandrion Group sou mache ameriken an. Se yon opòtinite pou pataje ekspètiz nou pou elabore nouvo pwodui ki fèt espesyalman pou kliyan Etazini yo. Envestisman nan ekonomi lokal la se yon mouvman estratejik ki pral pèmèt nou prezan nan Etazini epi sèvi avèk baz sa a kòm pwèn depa pou ekspòtasyon nan rès mond lan. Nou sèten tèt ansanm sa a pral reyisi, avèk gran avantaj pou ni Alexandrion Group ni kominote lokal la”.

Chèf Egzekitif Konte Putnam, MaryEllen Odell, te deklare, “Konte Putnam kontan anpil akeyi pwojè trè enteresan sa a nan rejyon Mid-Hudson nan. Premye gildiv Alexandrion Group pral genyen nan Etazini an pral jenere nouvo djòb, nouvo envestisman, ak nouvo devlopman pou ekonomi lokal nou an epi l ap ajoute nan elan nou wè toupatou nan Konte Putnam nan”.

Sipèvizè Vil Carmel Kenneth Schmitt te deklare, “Mwen menm ansanm avèk kominote Carmel la ekstrèmman kontan dèske Alexandrion Group chwazi Vil Carmel pou tabli epi nou pa ka tann pou li vin opere premye gildiv li nan Etazini. Nouvo gildiv la pral kreye djòb epi gen yon kokennchenn efè pozitif sou ekonomi lokal la. Tip biznis komèsyal sa a se 'kout frèt' kominote ak rejyon sa a t ap chèche depi anpil lane. Machann ak restoran lokal nou yo pral wè yon ogmantasyon nan kantite kliyan yo poutèt nouvo djòb ki pral kreye yo. Gildiv la pral yon destinasyon pou anpil vizitè ak touris sa k ap bay ekonomi lokal nou an yon gwo bourad. Vil Carmel pral kontinye travay avèk pwofesyonèl yo ak konsiltan yo nan Alexandrion Group pandan pwojè sa a ap vanse”.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York kontinye reyalize yon seri chanjman lejislatif ak politik pou pwofite demann kliyan yo k ap ogmante anflèch pou bwason atizanal ki pwodwi onivo lokal yo epi pou rann li pi fasil pou ouvè ak opere biznis fabrikasyon bwason atizanal. Amelyorasyon sa yo te gen ladan rediksyon taks ak frè yo, ofri sipò pou rechèch, kreyasyon nouvo lisans pou brasri ak sidri fèm yo, eliminasyon règleman restriktif yo, rediksyon a mwatye kantite tan li pran pou moun jwenn lisans yo ak restriktire ansyen lwa sou kontwòl Bwason Alkòl eta (Alcoholic Beverage Control law) te genyen an. Depi Gouvènè Cuomo te òganize premye Somè sou Byè, Diven, Likè ak Sid la (Beer, Wine, Spirits and Cider Summit) an 2012, New York fè eksperyans yon kwasans san presedan nan distilasyon bwason atizanal. Kounye a New York gen ladan 160 gildiv atizanal, avèk plis pase 100 nouvo gildiv ki ouvè depi 2012. Anplis de sa, gen 131 gildiv agrikòl nan eta a, yon ogmantasyon plis pase 360 pousan sòti nan 28 an 2012.

Nan mwa Davril 2018, New York te akeyi tou Asahi Shuzo International Co., Ltd., fabrikan DASSAI ki gen renome mondyal kòm yon sake Junmai Daiginjo premye klas, ki te tabli pi gran brasri sake nan New York ak premye brasri sake nan Hudson Valley. Pou ankouraje ekspansyon Asahi Shuzo nan New York, ESD te ofri brasri ki baze nan Japon an jiska 588,235 dola kredi fiskal ki baze sou rezilta nan kad Pwogram Travay Excelsior la. Asahi Shuzo pral investi plis pase 28 milyon dola nan etablisman an pou kreye 32 nouvo djòb. Nan kapasite maksimòm, brasri a pral pwodwi 332,640 galon sake pa ane.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)